

Etid sou Devlopman yon Pwojè ak Anviwònman (PD&E)
Nimewo Finansman Pwojè ID 439891-1-22-02
Fe Desizyon Efikas nan Tranpòtasyon (ETF) #14291

Fèy Enfòmasyon

SW 10th Street CONNECTOR

Ant Florida's Turnpike/Sawgrass Expressway ak SR 9/I-95



Novanm 2018 Aktyalizasyon



Ki sa pwoblem lan?

SW 10th Street se yon wout ke moun itilize anpil. Gen rezidan lokal ki sevi ak SW 10th Street pou ale nan travay, lekòl, oswa sant komèsyal ki tou pre. Genyen tou anpil vizitè ak pasajè ki itilize SW 10th Street kòm yon wout aksè ant Sawgrass Expressway ak I-95. De itilizasyon sa yo fe ke gen blokis souvan epi li diminye kalite lavi pou tout moun. Kantite machin ki gen sou wout SW 10th Street lan ogmante depi 20 denye ane yo, epi yo prevwa pou li kontinye ogmante akòz popilasyon ak kwasans ekonomik nan tout konte a ak rejyon a.

Kisa kap fet?

Depatman Transpòtasyon Florid, Distri Kat, ap fè yon Etid pou Devlopman yon Pwojè ak Anviwònman (PD & E) pou evalye opsyon pou konstwi yon nouvo koneksyon jere liy (managed lanes) ant Sawgrass Expressway ak I-95, ak yon amelyorasyon wout lokal SW 10th Street pou rezidan, ki gen ladan amelyorasyon liy bisiklèt ak twotwa yo. Etid Broward Metwopoliten Planifikasyon Òganizasyon (MPO) a deja devlope rekòmandasyon ki kontinye ap evalye ak enkòpore kèlkeswa kote ki posib.

Ki objektif pwojè an?



Amelyorasyon koneksyon ant Florida's Turnpike, Sawgrass Expressway ak I-95



Amelyorasyon SW 10th Street lokal pou biznis ak kominote yo



Vinn ak Amelyorasyon pou bisiklèt ak pyeton epi ankouraje transpò piblik nan lavni

Ki avantaj yo?



Amelyorasyon koneksyon rejyonal

Komplete lyen aksè limite ki manke a, ant Sawgrass Expressway / Florida's Turnpike ak I-95. Ankouraje mobilite ak vitalite ekonomik nan zòn lan.



Amelyorasyon sekirite

Amelyorasyon sekirite ap sove lavi, diminye domaj sou pwopriete epi deranje mwens traffic lokal lan.



Rediksyon blokis

Rediksyon blokis ap pi byen adrese lè gen anpil sikilasyon, redwi aksidan, diminye polisyon lè, epi konsève konsomasyon gaz.



Amelyore opsyon mobilite plizye mòd transpò (machin, kamyon, otobis, tren, bisiklèt, pyeton)

Separate trafik ak pi gwo vitès sou liy jere yo de wout lokal SW 10th Street, ap ogmante mobilite an jeneral sou wout la, pandan lap bay opsyon mobilite plizye mòd transpò.



Liy bisiklet ak twotwa pi laj ap ankouraje itilizasyon pyeton ak bisiklèt.



Mobilite vle di mwens rete tann nan entèseksyon lokal paske trafik rejyonal deplase nan liy jere yo.



Liy jere yo, kòm yon konektè rejyonal, ap ankouraje aplikasyon nan sèvis otobis espès nan lavni.




Amelyore pou evakyasyon / repons pou ijans

Nouvo kapasite nan wout la ap akomode plis machin nan liy jere yo.



Redwi tan evakyasyon / repons pou ijans sou SW 10th Street lokal la avek ant Sawgrass Expressway ak I-95.

Itinere pwojè an



Rete Konekte

Si ou ta renmen enfòmasyon adisyonèl sou pwojè a oswa ajoute non ou nan lis adrès lan, tanpri vizite sit entènèt nou an nan www.sw10street.com. Ou ka kontakte mèl FDOT Pwojè a jan yo note sou bò dwat la.

Mèt Pwojè a:

Robert Bostian, PE
Mèt FDOT Pwojè a

3400 West Commercial Blvd.
Fort Lauderdale, FL 33309

(954) 777-4427
Gratis (866) 336-8435, ekstansyon 4427

robert.bostian@dot.state.fl.us

Sit Pwojè a: WWW.sw10street.com

Yo mande patisipasyon piblik lan san patipri pou kesyon ras, koulè, orijin nasyonal, laj, sèks, relijyon, andikap, oswa kondisyon fanmi an.

FDOT

SW 10th Street



Connector

Ki lòt altènatif kap konsidere?

Nan yon ansyen reyinyon altènatif piblik ki te fèt le 24 Avril, 2018, yo te presente yon aliyman ki nan mitan e anwo avek yon opsyon aba nivo wout lan. Baze sou opinyon kominote a, lòt altènatif te bezwen devlope. Nan nouvo aliyman an gen yon opsyon kote machin pase anba te, yon opsyon pase anba te ki plis devlope ak yon opsyon ki pa pase anba te (a nivo). Tout sa yo gen liy jere sou bò nò wout lan epi SW 10th Street lokal sou bò sid la. SW 10th Street lokal pral nan nivo nan tout opsyon yo. Limit pou seksyon anbo nivo a, lokal pwen akse liy jere yo, ekipman kominotè, paysaj, bri pou mi, ak estetik kontinye ap evalye.

E si pa gen anyen ki fèt?



Blokis pral ogmante nan de nivo ki pa akseptab.

Plis blokis vle di plis machin ralenti nan gro trafik sou SW 10th Street, ap fe kalite lè a vin pi mal.

Tan li pran pou kondwi sou SW 10th Street la ap ogmante.

Evakyasyon en ijans ak tan li pran pou repon pral ogmante.